

Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk, Florid
Règleman 9.001

6Gx53-9.001 Règleman Itilizasyon Akseptab Teknoloji yo:

Distri Lekòl nan Depatman Polk la bay aksè nan zouti rezo ak nan Entènèt la. Itilizasyon rezo ak entènèt la dwe fèt pou ede aktivite lekòl ak aktivite pwofesyonèl ki mache nan objektif epi nan règleman Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la. Moun k'ap itilize materyèl yo responsab pou itilize yo byen toutan. Sipèentandan an oswa moun li deziyen kapab verifye dosye enfòmasyon itilizatè yo pou wè si pa gen moun k'ap vyole règleman distri a. Si yon moun pa obeyi règleman sa yo, yo kapab pran sanksyon kont li, sanksyon legal e/oswa yo kapab pa ba li aksè nan sèvis sa a ankò. Y'ap email ou pou yo di w ki chanjman ki fèt nan règleman ak nan prensip sa a yo. Se anplwaye yo ki responsab pou avèti chanjman ki fèt yo.

I. Tèm ak Definisyon:

- A. Rezo a se tout òdinatè ak lòt zouti ki konekte ak rezo Distri lokal/ak zòn ki pi laj, e se pou Distri Lekòl nan Depatman Polk la sèlman yo ye.
- B. Entènèt la se yon rezo bibliyotèk, enfòmasyon ak resous ki ale pi lwen pase rezo Distri lokal /ak zòn pi laj.
- C. Kominikasyon Elektwonik gen ladann, men se pa sa sèlman, email, blogs, podcasts, tablo diskisyon, sit entènèt, konferans videyo ak sal klas vityèl
- D. Aparèy elektwonik pòtatif gen ladan yo, men se pa sa sèlman, òdinatè laptop, asistan dijital pèsonèl (PDA), telefòn selilè, anrejistreman e/oswa zouti pou konsève enfòmasyon.
- E. Paj Web – Yon dokiman yo kreye pou moun gade nan yon paj sou entènèt la. Li ekri espesyalman nan lagaj hypertext (HTML).

II. Itilizasyon Rezo a:

- A. Itilizatè yo dwe pran prekosyon pou pa kite moun sèvi nan kont yo.
 - 1. Modpas yo dwe gen omwen uit (8) karaktè nan longè epi sèvi ak twa (3) nan kat (4) kritè yo bay la a yo: lèt majiskil, lèt miniskil, chif ak karaktè espesyal tankou @, !, %, or #.
 - 2. Modpas dwe chanje omwen chak katreven dis (90) jou.
 - 3. Itilizatè yo pa dwe bay enfòmasyon prive ki nan modpas yo oswa kite li aklè pou tout moun wè. Nòmalmman, administrasyon an kapab egzaminen dosye itilizatè a pou sanble enfòmasyon yon fason pou fè dyagnostik e

Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk, Florid
Règleman 9.001

korije pwoblèm: nan ka sa yo, itilizatè a dwe chanje modpas li pou li ka pwoteje kont li.

4. Yo ka mande itilizatè a pou li bay keksyon sekirite e/ou repons yo ka itilize pou verifye idantite l. Se responsablite itilizatè a pou li rasire li repons li bay la sekre. Si yo itilize kont ou san otorizasyon w akòz ou pat pwoteje li, w'ap responsab nenpòt aktivite ilegal ki fèt nan kont ou an.
- B. Tout sa ki gen pou wè ak sekirite dwe rapòte bay lekòl la/pèsonèl teknoloji distri a imedyatman.
- C. Sa yo pa pèmèt ou fè, men se pa sa sèlman:
1. Vyolasyon lwa federal, lwa Eta a ak prensip ak règ lokal yo konsènan:
 - a) Materyèl dwa rezève e/oswa non komèsyal
 - b) Materyèl ki gen menas, vye mo oswa bagay deregle
 - c) Akò Lisans
 - d) Kopye sa moun kreye
 2. Kraze brize, ki se tante detwi resous rezo a, enfòmasyon lòt itilizatè, entènèt la oswa lòt rezo. Sa gen ladann kreye oswa mete nan òdinatè a viris ki pou detwi enfòmasyon lòt moun.
 3. Itilizasyon rezo a oswa entènèt la pou w fè lajan oswa pou w fè nenpòt aktivite ilegal
 4. Itilizasyon aksè rezo yon lòt moun san pèmisyon li, tankou itilize non yon lòt moun rantre nan kont li ak modpas li
 5. Itilize yon gwo kantite bann ki ka detwi rezo a, ki gen ladann, men se pa sa sèlman to:
 - a) Jwèt nan rezo a/nan entènèt la
 - b) Ap gade e koute videyo
 - c) Telekonferans ki pa gen anyen pou wè ak ledikasyon
 - d) Fè kopi anpil dosye san ekip teknoloji a pa ba w otorizasyon
 6. Taye oswa fè nenpòt tantatif pou gen aksè nan rezo a, tankou men se pa sa sèlman:
 - a) Brase rezo a pou jwenn adrès IP ak lòt enfòmasyon

Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk, Florid
Règleman 9.001

- b) Antre nan rezo a san w pat gen otorizasyon
 - c) Itilizasyon resous rezo a ak entansyon pou bloke transmisyon vwa, enfòmasyon, imaj oswa nenpòt bagay ki ka transmèt nan rezo a.
 - d) Rantre nan aktivite lòt moun, nan dosye yo epi tante fè zak pou chanje, domaje oswa detwi enfòmasyon yon lòt itilizatè
7. Pyeje server yo, firewalls yo oswa lòt lojisyèl pou filtre rezo a
8. Itilize sèvis telefòn ki pa otorize, tankou fè apèl long distans
- D. Itilizasyon pou Elèv – mete sou tout sa ki di pi wo a:
- 1. Elèv gen privilèj pou yo itilize òdinatè lekòl/distri a, tankou Entènèt, sof si paran te ranpli Fòm pou pa Asepte a pou li te revoke privilèj sa a, oswa si yo te sispann privilèj sa a paske elèv la te vyole Kòd Konduit la.
 - 2. Aksè elèv e itilizasyon òdinatè lekòl la/distri a dwe anba direksyon yon manm ekip lekòl la, e yo dwe kontwole yo kòm aktivite lekòl.
 - 3. Elèv yo responsab pou yo evite aksè ilegal e fòk yo rapòte tout ensidan ki rive.
 - 4. Aksyon disiplinè yo dwe gen avèk yo konsekans yo jan sa di nan Kòd Konduit la nan Seksyon 7.09 – Move Itilizasyon òdinatè, ak regelman.

III. Kominikasyon Elektwonik:

- A. Pi fò kominikasyon elektwonik se dosye piblik e yo pa dwe janm konsidere yo prive oswa bagay ki gen sekirite.
- B. Itilizasyon san otorizasyon gen ladann, men se pa sa sèlman:
 - 1. Kreye e fè echanj kominikasyon ofansif, ki bay pèsèkasyon, bagay deregle e menas.
 - 2. Kreye e fè echanj kominikasyon san respè, abizif, langaj ki montre aklè sa w vle di.
 - 3. Echanj enfòmasyon privilèjye, sekrè oswa ki enfòmasyon ki pa dwe devwale deyò òganizasyon an oswa deyò gwoup bagay sa a konsènen an.
 - 4. Kreye e echanj piblisite, mande, lèt sou lèt, SPAM epi voye email bay moun ki pa nan rapò avèk ou.

Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk, Florid
Règleman 9.001

5. Kreye, sanble oswa pataje enfòmasyon nan vyole lwa sou dwa rezève.
 6. Li oswa voye enfòmasyon nan kont yon lòt itilizatè, sof si te gen aranjman ki te fèt.
 7. Chanje oswa kopye enfòmasyon oswa yon atachman ki se pou lòt itilizatè san otorizasyon li.
 8. Enstale e itilize aplikasyon Hotbars ak lòt email yon lòt moun.
 9. Itilize lòt materyèl ki diferan ak sa ki gen nan Microsoft Outlook.
 10. Itilizasyon kominikasyon elektwonik nan fason ki vyole regleman Direksyon Jeneral la, Kòd Konduit Elèv yo oswa prensip Distri a.
 11. Aktivite ki koze blokaj rezo a oswa lòt bagay ki bloke lòt moun k'ap itilize li yo.
 12. Pase pou nenpòt lòt moun, enstitisyon oswa òganizasyon, oswa fè movèz reprezantasyon afilyasyon w ak lòt moun, enstitisyon oswa òganizasyon.
 13. Reprezante opinyon pèsònèl ou kòm opinyon Distri Lekòl Depatman Polk la.
- C. Yo dwe fè direktè/sipèvizè a konnen imedyatman konsènan nenpòt itilizasyon ilegal yo fè ak kont ou oswa nenpòt lòt sa ki menase sekirite. Lekòl nan Kanton Polk la yo pa responsab pèt ou fè lè yon lòt moun itilize modpas oswa kont ou, ke w te konnen ke w pat konnen.
- D. Dwe gen yon klasè pèsònèl ki etabli nan òdinatè itilizatè ap travay la pou sanble korespondans ak materyèl.
- E. Yo pa pèmèt ou voye okenn enfòmasyon otomatik ki soti anndan lekòl nan Kanton Polk la bay yon rezo deyò.
- F. Ou pa dwe vann adrès email oswa pataje ak lòt moun san w pa gen otorizasyon.
- IV. Achte e Enstale Lojisyèl:
- A. Presize Kritè pou Itilizatè a Sèvi ak Lojisyèl yo – Tout demann pou ogmante sistèm nouvo aplikasyon oswa lojisyèl dwe al jwenn Administrasyon IST ak yon Dosye Biznis lan ki gen kritè biznis pou yo prezante nan yon dokiman Presizyon Kritè Itilizatè a.

Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk, Florid
Règleman 9.001

- B. Itilizasyon Lojisyèl ki gen Lisans – Nan respè pou lalwa e pou rasire sipò y’ap kontinye bay vandè a, yo dwe respekte dire ak kondisyon tout Regleman fen Lisans Itilizatè a.
 - C. Aplike Lojisyèl Nouvo/Korije – Yo dwe planifye e founi avèk anpil swen aplikasyon lojisyèl ki nouvo/korije, pandan y’ap asire yo anpil risk ki genyen nan Sekirite enfòmasyon ki mache avèk pwojè konsa vin pi piti lè yo itilize tout metòd kontwòl demach ak e teknik.
 - D. Nan Demach pou Byen Itilize Resous yo (PURE), tout lojisyèl aprantisaj ki pa nan lis Materyèl Aprantisaj Distri a Apwouve yo dwe ale nan fòm Lojisyèl ak Enfòmasyon Rezo a anvan yo achte e/oswa enstale yo. Komite Entegrasyon ak Evalyasyon Pwodui distri a (PIE) apwouve tout pwogram oswa resous ki gen pou wè ak entènèt e/oswa rezo.
 - E. Itilizatè yo pa dwe ploge oswa enstale materyèl òdinatè pa yo oswa lojisyèl nan zouti teknoloji yo san bon jan pèmasyon pèsònèl lekòl la/distri a.
 - F. Fòm ki sot deyò etablisman lekòl la dwe ranpli anvan yo retire ekipman teknoloji yo nan pwopyete Distri a.
 - G. Itilizatè yo pa dwe tante repara materyèl teknoloji distri a posede. Yo dwe voye tout demann reparasyon oswa sèvis bay pèsònèl teknoloji lekòl la/distri a.
- V. Materyèl Teknoloji ak Sekirite:
- A. Sekirite ak Kapasite Koneksyon
 1. Moun k’ap itilize materyèl yo dwe genyen yo avèk li nan lokal travay la e yo dwe konekte nan rezo distri a. Koneksyon rezo a pèmèt renouvle pwoteksyon kont viris epi renouvle Windows yo (Fenèt yo).
 2. Yo dwe mete materyèl yon an lokal travay itilizatè a lè yo pap itilize yo.
 3. Yo dwe pwoteje materyèl yo pou yo pa domaje e pou yo pa volè yo.
 4. Yo ka prepare materyèl yo pou yo itilize yo lakay e nan lekòl. Pou w ka prepare yo pou sèvis lakay la, ou ka bezwen otorizasyon pèsònèl sipò teknik lan pou reflechi sou ISP (Moun ki bay Sèvis Entènèt la) itilizatè a ak sou anviwonman biwo lakay la.
 - a) Yo entèdi kare bare tout enstalasyon kèk materyèl lojisyèl nan materyèl entènèt yo, paske enstalasyon sa a ap bloke

Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk, Florid
Règleman 9.001

kapasite koneksyon nan rezo Distri a (e.g. AOL, Verizon DSL).

- b) Si lojisyèl ISP nesèsè, itilizatè a dwe kontakte pèsònèl sipò teknik otorize a pou enstalasyon sa a.
5. Materyèl pèsònèl ou ki ploge nan rezo a dwe itilize nan respè pou Regleman Itilizasyon Akseptab la.

B. Itilizasyon Jeneral

1. Lè sa posib, y'ap mande itilizatè yo pou yo patisipe nan yon fòmasyon.
2. Yo ka itilize lajan Lekòl la/Distri a, lè genyen, pou achte nenpòt bagay andiplis ak materyèl derechany (tankou pake batri andiplis, souri, ekran òdinatè, plim pou sèvi nan materyèl yo), e bagay sa yo achte yo vin pwopyete Distri Lekol Rejyon Polk la.
3. Itilizatè yo pa dwe enstale okenn pwogram oswa aplikasyon ki pa otorize nan materyèl yo a.
4. Se anplwaye ki gen otorizasyon ki gen dwa itilize materyèl yo.
5. Itilizatè yo responsab pou sèvi byen ak materyèl yo konfyè yo a e ak nenpòt sa ki anndan materyèl sa a yo.
6. Anplwaye a responsab tout enfòmasyon ki konpile nan materyèl la e Distri a pa responsab w si gen enfòmasyon ki pèdi oswa ki efase. Anplwaye a dwe verifye dokiman li regilyèman.
7. Itilizatè a dwe retounen materyèl yo ba li travay la bay pèsònèl sipò otorize a si yo sispann li nan travay la.
8. Pèsònèl sipò otorize a ap fè reparasyon yo.
9. Distri gen dwa rantre nenpòt materyèl pou sèvis, antretyen, renouvle lojisyèl, renouvle kontwòl viris, pou fè kontwòl e/oswa pou verifye si yo respekte regleman Distri a.
10. Tout anplwaye distri a gen responsablite pou pwoteje enfòmasyon ki gen pou wè ak elèv e/oswa ekip lekòl la
11. Si yon materyèl pèdi, si yo vòlè l oswa si l domaje nan neglijan anplwaye a, anplwaye a responsab pou li remèt Lekòl la e/oswa Distri a lajan pou yo ranplase oswa repare materyèl la.

Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk, Florid
Règleman 9.001

12. Si yo vòlè yon materyèl, anplwaye a dwe enfòmè lapolis ak sipèvizè yo imedyatman.

13. Si yon materyèl pèdi oswa domaje, anplwaye a dwe enfòmè sipèvizè yo rapidman.

VI. Paj Web

A. Regleman sa a valab pou tout sa yo kreye nan sit entènèt distri a kote se Distri Lekòl nan Depatman Polk k'ap prezante yo oswa moun yo otorize ki responsab entretyen yo.

B. Yon webmaster se yon manm ekip lekòl oswa yon volontè apwouve administratè lekòl/distri a apwouve.

1. Se sèl webmasters yo k'ap gen aksè/travay nan server distri a.

C. Paj Web yo ka genyen kritè obeyisans elèv sou sipèvizyon.

1. Elèv dwe travay sou yon kopi nan sal travay likkal e yo pap transfere dirèkteman nan yon server distri a.

2. Pwofesè/webmaster sipèvizè a ap repase sa ki nan sit la anvan yo pibliye yo.

D. Se direktè a ki responsab verifye sa ki anndan sit entènèt lekòl la.

E. Yo dwe konsidere paj web yo kòm zouti kominikasyon distri a otorize pou kominike ak kominote a.

F. Sit web yo pa dwe genyen kote pou klike pou jwenn:

1. Materyèl k'ap ofanse moun;

2. Biznis komèsyal moun posede ki pa afilye ak distri a e/oswa ak lekòl la oswa ki pa ofri okenn aktivite ki gen pou wè ak lekòl;

3. Dosye konfidansyèl elèv ki pa pwoteje;

G. Lekòl ak depatman yo pa dwe genyen oswa itilize "server" web yo pou prezante sit web pou tout moun gade.

H. Yo entèdi pou yo afiche enfòmasyon elèv, ki gen ladann men se pa sèlman: adrès kay, telefòn, nimewo sosyal sekirite, tout non fanmi an oswa enfòmasyon pèsònèl.

1. Yo ka afiche non ak premye inisyal siyati elèv klas primè. Yo ka afiche non ak siyati elèv klas entèmedyè ak elèv klas segondè;

Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk, Florid
Règleman 9.001

2. Yo ka mete imaj/vidayo elèv sou entènèt, sof si paran/responsab yo te ranpli e remèt Fòm pa Dakò pou Itilize Imaj ak Teknoloji a;
 - I. Yo ka mete foto/vidayo ekip lekòl la sou entènèt, sof si yo te ranpli e remèt Fòm Ekip Lekòl/Volontè pa Dakò pou Itilize Imaj ak Teknoloji a;
 - J. Fòm pa Dakò Imaj ak Teknoloji a valab jiskaske paran/responsab/volontè ekri pou yo di yo chanje pèmisyon yo te bay la;
 - K. Yo entèdi pou bay enfòmasyon sou ki kote ekip lekòl la oswa elèv yo ye nan yon lè kèlkonk diran jounen lekòl la ;
 - L. Yo entèdi pou afiche wout bis lekòl la ap pase;
 - M. Yo entèdi pou w trase plan zòn nan oswa nenpòt lòt plan ki detaye plan lekòl la;
- VII. Imaj pou Pèsonèl/Volontè e Fòm pa Dakò pou Itilize Imaj ak Teknoloji a.
- VIII. Imaj pou Elèv e Fòm pa Dakò pou Itilize Imaj ak Teknoloji a.

Otorite Legal: Lwa nan Florid 1001.32, 1001.41, 1001.42, 1001.43

Lwa ki Aplike:

Adopte: 14 Fevriye 1995

Amande:

12 Out 2003

21 Septanm 2004

30 Me 2006

9 Janvyè 2007

25 Septanm 2007